

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan anu dilaksanakeun ka siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Cimahi taun ajaran 2001/2012, bisa dicindekkeun yén:

- 1) Kamampuh awal siswa dina pangajaran ngaregepkeun kawih masih kurang boh di kelas kontrol boh di kelas ékspérimén. Katitén tina hasil peunteun rata-rata siswa dina pangajaran ngaregepkeun kawih di kelas kontrol saméméh dibéré matéri nya éta 66.66, mangrupa gambaran awal kaayaan siswa anu geus nyumponan kamampuh ngaregepkeun jeung hasil peunteun rata-rata siswa dina pangajaran ngaregepkeun kawih di kelas ékspérimén saméméh ngagunakeun média audio-visual nya éta 65.83, mangrupa gambaran awal kaayaan siswa anu geus nyumponan kamampuh ngaregepkeun
- 2) Kamampuh ahir siswa dina pangajaran ngaregepkeun kawih ngaronjat sanggeus ngagunakeun média audio-visual, katitén tina peunteun rata-rata hasil diajar siswa dina pangajaran ngaregepkeun kawih di kelas kontrol sanggeus dibéré matéri nya éta 67.22, mangrupa gambaran ahir kaayaan siswa anu geus nyumponan kamampuh ngaregepkeun. Upama dina hasil uji homogénitas pratés jeung pascaté kelas kontrol nya éta $F_{itung} < F_{tabél}$ atawa $0.99 < 2.25$, hartina éta dua varian distribusina homogen. hasil peunteun rata-

rata siswa sanggeus dibéré perlakuan ngagunakeun média audio-visual nya éta 83.89. upama dina hasil uji homogénitas pratés jeung pascaté kelas ékspérimén nya éta $F_{itung} < F_{tabel}$ atawa $0.66 < 2.25$. hartina, éta dua varian distribusina homogen. Dumasar hasil pedaran éta bisa dicindekkeun yén hasil diajar siswa dina pangajaran ngaregepkeun kawih di kelas ékspérimén ngaronjat sacara signifikan sanggeus dibéré perlakuan ku cara ngagunakeun média audio-visual dina pangajaran ngaregepkeun kawih.

- 3) Hasil anu signifikan dina pangajaran ngaregepkeun kawih anu ngagunakeun média audio-visual siswa Kelas XI SMA Pasundan 3 Cimahi katitén tina hasil uji kesamaan rata-rata pascaté kelas kontrol jeung kelas ékspérimén hasilna nyaéta peunteun $t_{itung} = 10.61$, sedengkeun $t_{tabel} = 2.1$. atawa $t_{itung} > t_{tabel}$. Hartina aya béda rata-rata dina kamampuh siswa anu signifikan antara kelas kontrol anu teu ngagunakeun média audio-visual jeung anu ngagunakeun média audio-visual di kelas ékspérimén. Dumasar kana hasil ngitung uji t, nunjukkeun yén hasil $t_{itung} > t_{tabel}$ nya éta $2.59 > 1.99$. nunjukkeun yén hasil pangajaran Hartina, H_i ditarima. Ieu ngaregepkeun kawih anu ngagunakeun média audio-visual di kelas ékspérimén leuwih luhur tibatan anu teu ngagunakeun média audio-visual di kelas kontrol. tina hasil ngitung uji t bisa dicindekkeun yén média audio-visual mawa pangaruh anu signifikan kana hasil diajar ngaregepkeun kawih.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi anu rék ditepikeun, nya éta:

a. Rékoméndasi pikeun guru

1. Minat jeung karep siswa kana pangajaran basa Sunda, hususna pangajaran ngaregepkeun kawih perlu ditingkatkeun deui sabab minat jeung karep siswa pikeun diajar masih kénéh kurang. Sanggeus ngagunakeun média audio-visual minat jeung karep siswa jadi ngaronjat. Ku kituna média audio-visual bisa dijadikeun alternatif média pangajaran sangkan siswa bisa leuwih aktif, kréatif, inovatif, sarta minat jeung karep siswa bisa ningkat.
2. Siswa dibéré pancén pikeun nalungtik tur neuleuman matéri ngeunaan kawih.
3. Pamakéan média anu cocog sarta asup kana kritéria milih média kudu dilarapkeun saluyu jeung aspék-aspék kagiatan diajar-ngajar.

b. Rékoméndasi pikeun sakola

Pihak sakola diusahakeun bisa nyadiakeun média audio-visual pikeun kagiatan diajar-ngajar sabab ngarajong pisan kana tingkat hasil diajar siswa.

c. Rékoméndasi pikeun panalungtik

Panalungtikan ngeunaan pangajaran jeung média kudu leuwih ditingkatkeun sangkan bisa ngaronjatkeun mutu pangajaran.

d. Rékoméndasi pikeun pangarang jeung pamedal

Buku-buku ngeunaan kawih masih kénéh kurang, utamana dina buku pangajaran sakola. Dipiharep pangarang jeung pamedal bisa nyumponan kabutuhan buku pangajaran ngeunaan kawih.

Ku ayana rékoméndasi anu geus ditepikeun mudah-mudahan aya mangpaat sarta méré pangrojong pikeun dunya atikan, hususna pangajaran kawih di sakola.

